Citation : Fallou Ngom (PI), Gana Ndiaye, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, Martin Aucoin, and other contributors. 2022. "Speech by Sheikh Abdul Ahad Mbakke 1: Tabaski 1972." https://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/speech-1-tabaski-1972/.

**Diskuuru Sëriñ Abdul Ahad Mbàkke 1: Tabaski 1972**

[Page 20]

Tabaski ʿāma Aḍsashin wàlla Baḍsashin, 1971 wàlla 1972.

As-salāmu ʿalaykum bokki jullit yépp, bokki taalube yépp. Maa ngi leen di nuyu. Maa ngi leen di sànt maa ngi leen di balu àq yeen mbokk yépp. Maa ngi leen di balu àq yeen xarit yépp. Maa ngi leen di balu àq yeen taalube yépp. Maa ngi leen di balu àq yeen gan ñépp. Maa ngi leen di balu àq yeen dëkk yépp, kadhālika. Léegi nak, nan waxtaan tuuti rekk ngir waxtu wi xat na, te jëme ko ci yaari wàll képp. Wàllu gëm Yàlla ak wàllu bànneexoo Yàlla, di Sunu Boroom. Gëm Yàlla mooy sunu ra'sumaal. Mooy li nga xam ne lu nu am mooy doon sababam nu door

[Page 21]

koo mëna am, ci ag njullit. Kon nak, ginnaaw mooy sunu ra'sumaal, nan ko jàpp bu dëgër te muy dëgg ci nun. Te nu di ko jëfe ci biir ak ci biti. Te yëgg ne lu dul moom amalu nu njariñ, ngir Sunu Boroom dafa wax ne: "wa man yakfur bi l-īmāni faqad ḥabiṭa ʿamaluhū wa huwa fi l- ākhirati mina l-khāsirīna." Ginnaaw loolu it, moomeel gi nu Yàlla moom nan ko def bànneex, te bég ci. Te xam ne ci la sunub sag ne. Ci la sunu njariñ ne. Ci la sunu ndimbal ne. Ci la sunu lépp lu am njariñ ne, ngir kat bu nu ko bànneexoowut it, moomeel gi moom mënuta ñàkk. Ngir moo nu sàkk defal nu lépp, nuy mujj it

[Page 22]

ci loxoom. Mu di nu jëmme fa coobareem jëm. Kon nak, bànneexoo gi li mu nu may, lu nu wara xam la. Loola mooy Sunu Boroom, dafa wax ne: "inna l-ladhīna qālū rabbunā l-Lāhu summa istaqāmū fa lā khawfun ʿalayhim wa lahum yaḥzinūna. Ūlāʾika ʾ aṣḥābu l-jannati, khālidīna fīhā jazāʾa bi mā kānū yaʿmalūna." Jërë ngeen jëf!